



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE NOUVO PWOGRAM POU FÈ NOUYÒK VIN KOTE KI PI BON AK PI ABÒDAB POU FONDE YON FANMI

Bwat pwodui sante matènèl ak bebe ki fenk fèt pou 100,000 tibebe; Premye benefis BABY nan Eta Nouyòk la pral sipòte paran ki gen revni fèb yo

Kowalisyon Nouyòk pou Gadri pral devlope estrateji finansman pou mete Nouyòk sou chemen gadri inivèsèl

Dejene ak repa gratis pou plis pase 2.7 milyon elèv

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo inisyativ pou fè Nouyòk pi bon kote ki pi abòdab pou fonde yon fanmi nan kad diskou li sou Eta 2025 li a. Inisyativ sa yo gen ladan elaji kouvèti enfètilite pou moun ki vle fonde yon fanmi, bay paran gwo sipò finansye pandan gwosès ak nan nesans, yon ekspansyon Pwogram Nitrisyon Sipleman tè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants, and Children, WIC), ki pozisyon Nouyòk kòm yon lidè nan enskripsyon WIC nan tout peyi a, ak kreyasyon yon paj wèb sant resous pou paran devwe pou amelyore aksè nan resous esansyèl yo.

"Antanke premye fanm Gouvènè Nouyòk, mwen konnen nan ki pwèn li difisil pou leve yon fanmi," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou priyorize sante matènèl ak tibebe, paske chak fanmi merite yon kòmansman san estrès. Nou gen yon obligasyon moral pou nou fè tout sa nou kapab pou sipòte timoun yo, paran yo ak fanmi yo — fè Nouyòk vin pi bon kote sou latè pou fonde yon fanmi."

Bay Tibebe ak Paran Yon Bonjan Depa

Kouchèt Gratis ak Lòt Founiti pou 100,000 Ti Bebe

Gouvènè Hochul pral fè patenarya ak Baby2Baby — yon òganizasyon nasyonal san bi likratif ki bay atik esansyèl pou yon milyon timoun k ap viv nan povrete chak ane — pou bay bwat sante matènèl ak founiti pou nouvo ne a tout fiti manman ki enskri nan Medicaid, menm sa òganizasyon kominotè ak lopital ki desèvi zòn moun ki gen revni fèb. Bwat yo pral bay resous, materyèl edikatif, pwodwi swen pèsònèl ak kouchèt. Yo estime pwopozisyon sa a pral touche fanmi apeprè 100,000 lè l totalman an egzekisyon.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral bay plizyè milyon kouchèt bay fanmi ki gen revni fèb, ak entansyon pou ogmante kantite sa a chak ane. Gouvènè Hochul pral elaji tou sèvis sante konpòtmantal matènèl yo epi li pral bati sou envestisman anvan yo nan enstale sèvis sante mantal nan kabinè OBGYN (obstetrik ak jinekolojik) nan kominote ki gen plis bezwen nan tout Eta Nouyòk.

Kelly Sawyer Patricof ak Norah Weinstein, ko-CEO Baby2Baby, te deklare, "Nou tèlman fyè pou nou fè patenarya ak Eta Nouyòk pou bay plizyè milyon kouchèt ak atik enpòtan pou manman ak tibebe ki nan bezwen. Nou ap sèvi fanmi Nouyòk yo depi plis pase yon deseni epi nou rekonesan pou angajman pataje Gouvènè Hochul pou sante matènèl, sa ki pèmèt nou ogmante sipò nou epi pote fanmi ki pi vilnerab yo ak pwovizyon debaz ke yo bezwen ak merite."

Etabli Benefis Alokasyon Nesans pou Premye Ane (Birth Allowance for Beginning Year, BABY)

Swiv dosye sipò Gouvènè Hochul pou fanm ansent, nouvo paran ak tibebe, Gouvènè Hochul pral avanse yon lòt pwopozisyon lejislatif nasyonal pou amelyore sante matènèl ak tibebe atravè dispozisyon yon alokasyon pou nesans — benefis BABY Eta Nouyòk — pou paran ki pa gen anpil revni pandan gwosès ak nan nesans. Pou amelyore sekirite ekonomik kèk nan fanmi Nouyòk ki pa gen anpil resous, Gouvènè Hochul pral bay yon benefis 100 dola pa mwa pandan gwosès la ak yon avantaj 1,200 dola nan nesans pou Nouyòkè ki resevwa asistans piblik — ogmante revni kay la pou plizyè milye fanmi Nouyòk.

Bay sipò adisyonèl pou fanm ansent ak tibebe se yon zouti enpòtan pou diminye povrete timoun yo, ede asire yon pi bon fondasyon pou paran ak timoun, epi fè Nouyòk vin pi abòdab pou fanmi k ap travay. Anplis de ogmantasyon depans nan kay la, nesans yon timoun ansanm souvan pwodui yon rediksyon tanporè nan revni pandan paran yo pran konje pou pran swen tibebe yo.

Ogmante Aksè a Tretman Enfètilite

Plis pase 10 pousan moun ki fè pitit Ozetazini yo fè fas ak pwoblèm fètilite epi, pandan ke nouvo tretman pou prezèvasyon fètilite egziste, aksè a tretman sa yo souvan limite ak chè. Kontrèman ak Nouyòkè ki gen asirans prive, manm Medicaid nan Nouyòk ki sou tretman pou kansè oswa lòt kondisyon medikal yo manke kouvèti pou sèvis prezèvasyon fètilite, kidonk yo dwe peye ak kòb pòch yo oswa rete san swen. Depi 2002, Nouyòk sipòte yon Pwogram Ranbousman Enfètilite (Infertility Reimbursement Program) ki vize pou ede pasyan ki pa gen ase asirans yo peye tretman fètilite yo. Sepandan, kritè kalifikasyon etwat pwogram nan eskli anpil pasyan ki ta ka benefisye. Gouvènè Hochul pral entwodui nouvo lejislasyon pou bay pwoteksyon pou sèvis prezèvasyon fètilite pou manm Medicaid k ap sibi tretman medikal ki ka lakòz enfètilite, epitou pou elaji elijibilite pou Pwogram Ranbousman Enfètilite Eta a, pou asire ke plis Nouyòkè ka reyalize rèv yo pou yo fonde yon fanmi, kèlkeswa revni yo oswa antesedan medikal yo.

Kreye Pwojè Patenarya Paran (Parent Partnership Project)

Twòp fanmi kite lopital la ak yon nouvo ne epi san yo pa konnen resous ak sipò enfòmasyon ki disponib pou yo. Sa mande tout yon vilaj pou leve yon timoun, epi ede paran yo pi byen konprann pakèt sipò leta ki disponib pou yo, soti nan sibvansyon pou gadri pou yo rive nan sèvis vizit lakay yo, sa pral lakòz pi bon rezilta pou timoun yo. Gouvènè Hochul pral lanse yon paj wèb sant resous paran, bay enfòmasyon sou devlopman timoun ak preparasyon pou lekòl, fè patenarya ak OBGYN ak biwo pedyat atravè eta a pou bay fanmi yo enfòmasyon sou resous eta a, epi lanse yon pwogram alfabetizasyon deyò nan pak eta a nan ete 2025.

Amelyore Aksè nan Gadri Abòdab

Bay Sibvansyon Kapital pou Founisè Gadri yo

Pou fasilite founisè gadri yo ouvri nouvo plas epi sèvi lòt timoun, Gouvènè Hochul pral bay 100 milyon dola sibvansyon kapital pou founisè gadri yo pou yo renove ak konstwi nouvo sant gadri, espesyalman nan dezè gadri yo. Anplis de sa, 10 milyon dola yo pral disponib pou founisè gadri pou fanmi yo pou renove ak repare lokal gadri yo.

Lanse yon 'Rezèv Ranplasan' pou Gadri

Swiv aksyon Gouvènè a te pran pou sipòte fanmi Nouyòk nan tout eta a, Gouvènè Hochul te pwopoze kreyasyon yon "rezèv ranplasan" pou gadri, ki pral gen ladann pwofesyonèl ki verifye, ki fè konfyans ki kapab entèvni epi asire kontinwite swen pou fanmi yo lè anplwaye gadri yo pa kapab vin travay.

Kreye Kowalisyon Nouyòk pou Gadri

Gouvènè a te anonse tou deja entansyon li pou l kreye Kowalisyon Nouyòk pou Sèvis Gadri (New York Coalition for Child Care) — yon gwo inisyativ pou enkli lidè biznis Nouyòk yo, sendika travayè yo, ekspè taks ak revni yo, ak founisè gadri yo pou idantifye yon sous revni ak finansman dirab pou gadri inivèsèl timoun.

Vizyon Gouvènè a se reyalize gadri inivèsèl nan Nouyòk. Pandan ke Gouvènè Hochul te elaji anpil kalifikasyon pou asistans pou gadri ak enskripsyon nan Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) nan Nouyòk te ogmante anpil pandan dènye ane a, anpil fanmi - ki gen ladan sila yo ki gen revni yo ki depase kalifikasyon pou CCAP - ki gen mal pou fè fas ak depans gadri. An konsekans, Kowalisyon an pral fè rekòmandasyon pou agrandisman finansman nan sistèm sibvansyon pou gadri ki egziste a pandan y ap bati plis opsyon pou diminye depans pou gadri pou Nouyòkè ki gen revni mwayen ak pi wo. Nan kòmansman mwa sa a, Gwoup Travay sou Disponibilite Gadri (Child Care Availability Task Force) a te rekòmande Eta a pran dispozisyon pou bay fanmi yo asistans ki depase limit revni federal 85 pousan Revni Mwayen Eta a, epi travay Kowalisyon an se pral pou jwenn solisyon fiskal pou reyalize objektif sa a.

Manje ak Nitrisyon pou Nouyòkè ki nan Bezwen

Kouvri Pri Tout Manje Lekòl pou Plis pase 2.7 Milyon Elèv

Gouvènè a te anonse tou deja yon inisyativ istorik pou asire chak grenn nan plis pase 2.7 milyon elèv Nouyòk yo ka resevwa ni manje maten ni manje midi gratis nan lekòl la. Inisyativ istorik sa a ap bati sou pwogram aksebilite finansyè Gouvènè a epi l ap ede ekonomize lajan paran yo, fè fas ak ensekirite alimantè timoun Nouyòk yo, epi kreye plis opòtinite pou elèv yo reyisi.

Elaji Aksè nan Pwogram Nitrisyon Vital pou Manman ak Timoun

Pandan plis pase senkant ane, Pwogram Espesyal Nitrisyon Siplemanntè pou Fanm, Tibebe ak Timoun te esansyèl nan pwomouvwa ak pwoteje sante fanm ak timoun. Depi 2020, pwogram nan te ogmante prèske 25 pousan, kounye a sèvi plis pase 445,000 moun ki enskri. Pou satisfè bezwen k ap grandi, Gouvènè Hochul pral elaji pwogram nan pou l rive sou 475,000 moun, pou asire yo resevwa manje ak sèvis esansyèl. Envestisman sa yo pral amelyore sante ak byennèt plizyè dizèn milye lòt Nouyòkè epi fè pwogrè enpòtan nan direksyon objektif Eta a pou vin yon lidè nan nasyon an nan enskripsyon WIC.

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare,

"Fè yon ti bebe se yon bèl eksperyans lajwa men li vini tou ak nouvo depans pou fanmi yo, ki ka patikilyèman difisil pou fanmi ki deja ap sibi difikilte ekonomik. Inisyativ sa yo Gouvènè Hochul te anonse jodi a kapab elaji anpil resous ki disponib pou fanmi ki nan bezwen pou yo pi byen pozisyone pou yo bay kapab pran swen pitit yo ekonomikman ak emosyonèlman epi etabli yon baz ki pral amelyore byennèt matènèl ak devlopman timoun. Nou remèsye Gouvènè a paske li envesti nan timoun ak fanmi yo nan yon fason ki pral mennen nan amelyore rezilta edikasyon, sante, ak ekonomik pou timoun sa yo."

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk (Office of Children and Family Services, OCFS), Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare, "Chak ane, yon mank gadri nan tout peyi a responsab pou 122 milya dola nan pèt salè, pwodiktivite ak revni. Envesti nan enfrastrikti gadri, sipòte mendèv gadri a, ak fè patenarya aktivman ak sektè piblik ak prive a ap ogmante rezilta pozitif pou paran ak founisè nou yo. Se yon bèl bagay lè nou gen yon gouvènman ki fè avanse pwogram sou gadri nan ranfòse ak amelyore sèvis gadri bon jan kalite kote gran objektif la se yon gadri inivèsèl. Dènye pwopozisyon Gouvènè Hochul fè pou avanse aksyon inovatè pou reponn ak bezwen timoun ak fanmi nan Eta Nouyòk souliye angajman li pou asire anviwònman sekirize ak akeyan ak ofri opòtinite ki ankouraje devlopman pozitif timoun pandan paran yo ap travay."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU